

ÒGANIZE EVÈNMAN KOMINOTÈ NAN YON PÈRIÒD KOTE PREZANS ICE AP OGMANTE

kreyòl
ayisyen

Rasanble nan kominote a enpòtan, men nou konnen anpil moun eksprime enkyetid sou posib aplikasyon lwa imigrasyon nan oswa toupre evènman kominotè yo. Gen kèk mezi ou ka pran pou fè tout manm kominote a santi yo pi alèz lè y ap patisipe nan evènman kominotè yo.

Konsidere espas la

- Anpil evènman kominotè fèt nan espas piblik. Sepandan, si evènman w la prive oswa limite, ajan ICE yo p ap gen aksè sèlman si yo jwenn konsantman oswa si yo gen yon manda jidisyè.
- Panse si fè patisipan yo enskri, bay tikè, oswa fè yo anrejistre nan antre a se yon bagay ki ka mache pou evènman w lan.

Fòmè òganizatè evènman yo

- Nonmen yon pwen kontak santral (de preferans yon avoka ak/oswa yon sitwayen ameriken) pou kominike ak ofisyè ICE yo si sa nesèsè epi asire w tout òganizatè evènman yo konekte (egzanp: kreye yon gwoup WhatsApp oswa Signal pou òganizatè evènman yo).
- Konsidere kreye yon ekip responsab evènman epi bay yo fòmasyon sou jesyon konfli.
- Fè prezans òganizatè yo parèt aklè pou kreye yon sans responsablite (pa egzanp: konsidere fè kèk nan òganizatè yo mete gwo vès koulè pou yo ka pi vizib).

Sipòte patisipan yo

- Asire w ke chak patisipan gen yon kat Konnen Dwa Ou
- Bay yon tab resous KYR ak yon opòtinite pou patisipan yo poze kesyon (gade kòd QR pou materyèl milti-lang ki ka enprime). Konsidere kolekte enfòmasyon kontak ijans pou moun ki prezan yo pou ou konnen kiyès pou kontakte si gen yon bagay ki rive.
- Enfòmè patisipan yo sou yon espas deziyen kote yo ka rasanble an ka gen yon sitiyasyon ijans.
- Panse a fason patisipan yo pral rive nan evènman an epi retounen lakay yo, epi si gen nenpòt sipò ou ka mete an plas.

Resous KYR
pou Enprime



Jen 2025

MIRA

